



---

# Atansyon manm MassHealth

## Règleman sou kopeman ki pral an vigè 1<sup>e</sup> janvye 2025

---

Manm MassHealth pa gen pou yo peye kopeman pou medikaman preskripsyon. Politik sa gen ladan manm ki nan

- Plan Frè pou sèvis nan MassHealth yo (MassHealth Fee-for-Service, FFS) ;
- Òganizasyon swen responsab pou swen primè (Primary Care Accountable Care Organization, PC ACO) ;
- Plan panetarya pou swen responsab (Accountable Care Partnership Plan, ACPP) ;
- Òganizasyon ki jere swen yo (Managed Care Organizations, MCO) ;
- Plan One Care yo ;
- Plan Opsyon Swen pou Moun Aje (Senior Care Options, SCO) ; e
- Òganizasyon Pwogram ki Gen tout Kalite Swen Ladan Pou Moun Aje (Program of All-Inclusive Care for the Elderly, PACE).

Sa aplike tou pou pasyan nan Health Safety Net (HSN) epi manm nan Children's Medical Security Plan (CMSP).

Si famasyen w lan mande w peye yon kopeman e ou pa kwè li ta dwe mande sa, se pou w di famasyen an sa.

Si w **gen kesyon ou ta renmen poze** sou politik kopeman an oubyen w **vle siyale chanjman** tankou chanjman nan kowòdone ou yo, telefonnen alò sèvis kliyantèl (Customer Service Center, CSC) MassHealth la nan nimewo (800) 841-2900, TDD / TTY : 711.

